

# Pwoteksyon pou Yo. Lapè nan Tèt pou Oumenm.

Avèk Medicaid ak CHIP, timoun ak jèn ki gen laj 19 lane yo jwenn swen medikal esansyèl si yo malad oswa blese. Timoun yo kouvri pou sèvis prevantif ak ijans, vizit kay doktè pou kontwòl regilye, vaksen, ak vizit kay dantis, sèvis sante mantal, preskripsyon ak plis nan pwogram gratis sa yo pwogram asirans sante a pri ki ba. Fanmi ki genyen kat moun ki ap touche jiska prèske \$50,000 kapab kalifye (oswa menm pi plis nan kèk eta). Epi oumenm ak pitit-ou yo kapab kalifye kounye-a, menm si ou te aplike anvan.

Ale nan [InsureKidsNow.gov](https://www.insurekidsnow.gov) oswa rele **1-877-KIDS-NOW (543-7669)** pou pale ak yon espesyalis enskripsyon epi enskri jodi-a. Enskripsyon louvri tout ane-a.



**InsureKidsNow.gov**